



# **Parent University**

## **Pare pou Rantre Lekòl ak Anséyman Adistans**

### **12-17 Out**

Le Mèkredi, 19 Out, se premye jou lekòl. N'ap prepare pou kòmanse nouvo ane eskolé a avèk anséyman adistans, ann angle eLearning. Nou konnen ou gen kesyon.

Nou dispoze bay repons. N'ap envite ou patisipe ansanm ak Gwoup Travay Patisipasyon Kominote Paran epi ak estaf ak administratè Distri a nan sesyon andirèk webinar: **Inivèsite Paran: Annou Pare pou Lekòl ak Anséyman adistans**. Kat (4) evènman va dewoule nan semenn 12-17 Out, divize an gwoup elèv. Sesyon andirèk va bay enfòmasyon, yon fason detaye, pou ede paran asiste pitit-yo (elèv-yo) diran jounen lekòl. Epitou paran va resevwa enfòmasyon sou sa yo dwe espere lé klas-yo va reprann. Manb pésonèl Distri a va disponib pou reponn kesyon apre chak prezantasyon.

**Inivèsite Paran: Annou Pare pou Lekòl ak Anséyman adistans sesyon webinar**  
Chwazi patisipe nan sesyon pou klas pitit-ou (elèv-la, elèv-yo) epi klik sou lyen ([link](#)) ki anba a:

**Lekol primè** – Mèkredi, 12 Out, 6:30-8 p.m. [bit.ly/3kAUEKd](https://bit.ly/3kAUEKd)

**Midèlskoul ak Ayeskoul** – Jedi, 13 Out, 6:30-8 p.m. [bit.ly/3fzcucE](https://bit.ly/3fzcucE)

Nan sesyon pou chak klas, va gen enfòmasyon pou elèv ki nan pwogram Edikasyon pou elèv esepsyonèl ak pou Elèv k'ap aprann lang angle; sepandan, fanmi gwoup elèv sa yo va resevwa plis enfòmasyon espesifik nan dat sa-yo.

**Edikasyon pou elèv esepsyonèl** – Vandredi, 14 Out, 6:30-8 p.m. [bit.ly/3a2oDWi](https://bit.ly/3a2oDWi)

**Elèv k'ap aprann lang Angle** – Lendi, 17 Out, 6:30-8 p.m. [bit.ly/3kmTzFs](https://bit.ly/3kmTzFs)

Tout kat sesyon webinar sa-yo va disponib nan lang Angle, Espayol, Pòtige, Kreyòl Ayisyen, Arab, Chinwa epi Vyetnamyen. Sesyon yo ap afiche an soutit sou ekran an.

Si ou pa ka patisipe nan sesyon webinar andirèk Parent University, sesyon anrejistre ak lyen-yo va disponib sou sitweb Distri nou, [browardschools.com](http://browardschools.com), epitou sou sitweb lekòl pitit-ou. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit-ou.



The School Board of Broward County, Florida Donna P. Korn, Chair • Dr. Rosalind Osgood, Vice Chair • Lori Alhadoff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, prohibits any policy or procedure which results in discrimination on the basis of age, color, disability, gender identity, gender expression, genetic information, marital status, national origin, race, religion, sex or sexual orientation. The School Board also provides equal access to the Boy Scouts and other designated youth groups. Individuals who wish to file a discrimination and/or harassment complaint may call the Director, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & District's Equity Coordinator/Title IX Coordinator at 754-321-2150 or Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Individuals with disabilities requesting accommodations under the Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) may call Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department at 754-321-2150 or Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)